

KONTE MIAMI-DADE

GID

ENFÒMASYON

POU VOTÈ

**ELECTION
READY**

MIAMI-DADE
COUNTY



YON MESAJ SIPÈVIZÈ ELEKSYON NOU AN

Chè Votè Konte Miami-Dade,

Mèsi pou enterè w nan pwosesis elektoral la. Nou bay patisipasyon votè enpòtans epi n ankouraje tout votè yo pou yo abitye tèt yo ak pwosesis demokratik la.

Misyon Depatman Eleksyon Konte Miami-Dade la se verifeye eleksyon yo jis, kòrèk, fasil, ak aksesib pou tout votè yo.

Nan gid sa a w ap jwenn enfòmasyon apwopriye ou bezwen pou *Pare Pou Eleksyon*, tankou enskripsyon votè, rekritman pèsònèl biwo vòt, ak twa fason fasil pou vote yo.

Si votè yo ta bezwen plis enfòmasyon, yo gen dwa kontakte biwo nou an nan 305-499-VOTE (8683) oswa vizite nou anliy nan www.iamelectionready.org.

Sensèman,
Christina White
Sipèvizè Eleksyon

TAB DE MATYÈ

PAJ

Seksyon 1 Deklarasyon Dwa Votè a	1
Seksyon 2 Responsabilite Votè a	2
Seksyon 3 Direktiv pou Enskripsyon Votè	3
Seksyon 4 Vote nan Konte Miami Dade	8
Seksyon 5 Pèsònèl Biwo Vòt yo.....	23
Seksyon 6 ADA ak Aksesibilite Lengwistik.....	27
Seksyon 7 Restorasyon Dwa Sivil	28
Seksyon 8 Kesyon Votè Poze Souvan	30
Seksyon 9 Vyolasyon Lwa Elektoral.....	31
Seksyon 10 Kalandriye Eleksyon an.....	32
Seksyon 11 Rapèl Enpòtan.....	32

Seksyon 1 – DEKLARASYON DWA VOTÈ A

Lwa Florida 101.031 di chak votè ki enskri nan Konte Miami-Dade gen dwa pou l:

- Vote ak gen vòt li a konte kòrèkteman.
- Depoze yon bilten vòt si l nan liy pandan fèmtyèl ofisyèl biwo vòt yo nan konte sa a.
- Mande ak resevwa asistans pou l vote.
- Resevwa jiska de bilten vòt ranplasman si l fè fot anvan l depoze bilten vòt la.
- Resevwa eksplikasyon si enskripsyon l oswa idantite l an kesyon.
- Si enskripsyon l oswa idantite l an kesyon, depoze yon bilten vòt pwovizwa.
- Resevwa enstriksyon ekri pou l itilize lè l ap vote, epi, sou demann, enstriksyon awotwa pou vote nan men pèsònèl elektoral la.
- Vote san presyon ni entimidasyon nan men ni pèsònèl elektoral la ni ankenn lòt moun.
- Vote sou yon sistèm vòt ki mache byen epi ki pwal pèmèt pou bilten vòt yo depoze kòrèkteman.

Seksyon 2 – RESPONSABILITE VOTÈ A

Lwa Florida 101.031 di chak votè ki enskri nan Konte Miami-Dade dwe:

- Abitye tèt li avèk kandida yo ak pwoblèm yo.
- Kenbe kot biwo Sipèvizè Eleksyon an adrès aktyèl li.
- Konn kote biwo vòt li a ye ak lè li fonksyone.
- Pote bonjan idantifikasyon nan biwo vòt la.
- Abitye tèt li avèk jan ekipman vòt la fonksyone nan sikonskripsyon elektoral li a.
- Trete pèsònèl sikonskripsyon elektoral la avèk koutwazi.
- Respekte konfidansyalite lòt votè.
- Rapòte tout pwoblèm oswa vyolasyon lwa elektoral yo bay Sipèvizè Eleksyon an.
- Poze kesyon, si sa nesesè.
- Verifye bilten vòt li ranpli a kòrèk anvan li kite biwo vòt la.

Pa egzèsè nenpòt nan responsabilite sa yo pa entèdi yon votè pou l vote.

Seksyon 3 – DIREKTIV POU ENSKRIPSYON VOTE

Kiyès ki kapab enskri pou vote?

- Minè ki kalifye kapab enskri alavans pou vote a laj 16 an.
- Votè yo dwe sitwayen Lèzetazini.
- Pou vote nan Konte Miami-Dade, vote yo dwe rezide nan Konte Miami-Dade. Pa gen yon kantite tan yon vote dwe rete isit la anvan l enskri pou vote.

Kiyès ki pa kapab enskri pou vote?

- Nenpòt ki moun ki pa respekte kondisyon ki pi wo yo.
- Nenpòt ki moun yo te jije enkapab mantalman pou l vote, epi ki pa gen dwa vòt li ki restore.
- Nenpòt ki moun yo te rekonèt koupab krim, epi ki pa gen dwa sivil li ki restore.

Kilè yon sitwayen kapab enskri pou vote?

Sitwayen ki eljib yo kapab enskri pou vote nenpòt ki lè men yo dwe konnen dènye delè enskripsyon an pou tout eleksyon se 29 jou anvan Jou Eleksyon an. Enskri pou vote se yon dwa ki disponib pou tout moun ki respekte kondisyon eta a. Nan Konte Miami-Dade gen anpil òganis ofisyèl kote sitwayen ki eljib yo kapab enskri an pèsòn oswa pran yon fòmilè enskripsyon votè:

- Depatman Eleksyon an
- Biwo Lisans Chofè Florida
- Bibliyotèk Piblik Konte Miami-Dade yo
- Biwo Gouvènman Konte yo
- Nenpòt ki òganis asistans piblik eta a
- Biwo rekritman Fòs Ame yo

Enskripsyon Pa Kourye

Moun k ap vote pou premye fwa ki enskri pa kourye epi ki pa janm vote nan Florida dwe bay Depatman Eleksyon an kopi yon idantifikasyon ak foto ki ajou ak valid ki gen sou li non ak adrès rezidans aktyèl votè a anvan l vote. Tanpri **pa** soumèt dokiman **orijinal**.

Sitwayen yo kapab telechaje kopi [Fòmilè Demann Enskripsyon Votè](#) Eta a anliy sou www.iamelectionready.org. Kòm lwa Eta a egzije pou fòmilè enskripsyon votè yo gen siyati orijinal, votè yo gen dwa enprime fòmilè a, ranpli enfòmasyon yo, siyen l, epi voye fòmilè siyen orijinal la bay:

**Supervisor of Elections
P.O. Box 521550
Miami, Florida 33152**

Si yon votè bezwen plis enfòmasyon sou òganis ki pi pre a, oswa li bezwen jwenn yon fòmilè pa kourye, li gen dwa kontakte Sant Repons 311 Konte a oswa Depatman Eleksyon an nan 305-499-VOTE (8683) nenpòt ki jou lasemèn ant 8:00 nan maten ak 5:00 nan apre midi.

NOTE: Lè yon moun enskri pou vote, Lwa Florida 97.053 egzije adrès rezidans legal li. Si votè yo bay adrès postal, bwat postal, oswa adrès komèsyal, yo pap aksepte demann nan, epi sa kapab lakòz yo refize enskripsyon an ak/oswa pa okipe l atan pou yon eleksyon. Yo kapab aksepte bwat postal ak lòt adrès komèsyal kòm adrès postal sèlman, men pa kòm adrès rezidansyèl.

Òganizasyon Enskripsyon Votè Eksteryè

Yon òganizasyon enskripsyon votè eksteryè fè referans a nenpòt ki moun, antite oswa òganizasyon ki ofri oswa ranmase nenpòt ki demann enskripsyon votè, eksepte:

- Yon moun k ap chèche sèlman pou l enskri pou vote oswa ranmase demann enskripsyon votè nan men mari/madanm, pitit, oswa paran moun sa a

oswa

- Yon anplwaye oswa ajan ki enskri oswa ranmase demann enskripsyon votè onon Divizyon Eleksyon an, Sipèvizè Eleksyon an, Depatman Prevansyon Woutye ak Veyikil Otomobil la, oswa yon òganis enskripsyon votè ofisyèl.

Tanpri vizite sit wèb Divizyon Eleksyon Florida a nan <http://election.dos.state.fl.us/voter-registration/third-party.html> pou plis enfòmasyon.

Seksyon 4 – VOTE NAN KONTE MIAMI-DADE

Gen twa fason fasil pou egzèse dwa vòt ou:

Vòt pa Korespondans

Votè yo gen opsyon vote alèz lakay yo lè yo mande vòt pa korespondans. Yo poste yon bilten papyè bay votè a pou li make ak remèt bay biwo Sipèvizè Eleksyon an anvan 7:00 nan aswè jou eleksyon an.

Li enperatif lè y ap vote pa korespondans, pou votè yo swiv enstriksyon ki vini avèk bilten yo an atantivman epi pou yo siyen deyò anvlòp yo ba yo a. Y ap jwenn enstriksyon detaye sou bilten pa korespondans la menm epi gen enstriksyon espesyal ki disponib sou anvlòp vòt sekre ki nan pake vòt pa korespondans la.

Votè yo gen dwa mande vòt pa korespondans an pèsòn, pa telefòn (305-499-VOTE), pa kourye, oswa [anliy](#) lè yo vizite www.iamelectionready.org. Tout demann vòt pa korespondans yo dwe rive 6^{yèm} jou anvan eleksyon an pou pi ta. Depatman Eleksyon an dwe poste tout bilten vòt pa korespondans yo katriyèm jou anvan eleksyon an pou pi ta.

DEMANN YO DWE GEN LADAN YO:

- Non
- Dat nesans
- Adrès rezidans
- Adrès postal
- Eleksyon yo mande bilten pou li a(yo)
- Non moun k ap fè demann nan ak relasyon l avèk votè a (si sa aplikab)
- Nimewo enskripsyon votè a (si li disponib)
- Siyati orijinal (si demann nan fèt alekri)

Bilten vòt pa korespondans yo poste bay votè yo apeprè kat semèn anvan chak eleksyon, depi deja gen yon demann ajou nan dosye a.

Men kijan ou dwe remèt Vòt pa Korespondans yo:

1. **PA KOURYE** – Ou gen dwa remèt yon vòt pa korespondans pase pa Sèvis Lapòs Lèzetazini epi nou dwe resevwa li anvan 7:00 nan aswè Jou Eleksyon an.
2. **AN PÈSÒN** – Yon votè ki te resevwa bilten vòt pa korespondans gen dwa remèt pwòp vòt pa li an pèsòn bay Depatman Eleksyon Miami-Dade la nan **2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172** anvan 7:00 nan aswè Jou Eleksyon an.
3. **PA YON MOUN VOTÈ A DEZIYEN** - (*Limite a de bilten vòt pa eleksyon, epi se sèlman youn nan yo ki gen dwa sa yon votè ki pa mari/madanm, papa/manman, pitit, granparan, oswa frè/sè moun yo deziyen an*). Moun votè a deziyen an gen dwa remèt vòt pa korespondans la nan **2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172** jou anvan ak jou eleksyon an si moun votè a deziyen an se yon manm fanmi imedya epi sèlman jou eleksyon an si moun votè a deziyen an pa yon manm fanmi imedya.

Idantifikasyon avèk foto moun yo deziyen an dwe prezante ansanm avèk yon deklarasyon ekri votè a ki gen enfòmasyon sila yo:

- Non votè a an lèt detache
- Nimewo telefòn lajounen votè a
- Dat nesans votè a
- Nimewo enfòmasyon enskripsyon votè a (si l vle)
- Non moun k ap remèt bilten vòt pa korespondans la
- Si votè a manm fanmi imedya moun li deziyen an,

rezon ki fè votè a dwe fè yon lòt moun remèt bilten vòt pa korespondans la

- Si votè a pa manm fanmi imedya moun li deziyen an, moun ki deziyen an dwe prezante tou yon deklarasyon yon doktè siyen sou papyè a lèt doktè a ki di, poutèt yon ijans medikal ki gen pou wè avèk votè a oswa moun ki sou responsabilite votè a, votè ki nonmen an pa kapab vote nan biwo vòt epi li pa kapab remèt yon vòt pa korespondans an pèsòn
- Siyati votè a

4. **REMÈT NAN BIWO VÒT** – Yon votè ki pito vote an pèsòn gen dwa remèt yon bilten ki vote oswa ki pa vote nan sikonskripsyon elektoral li a Jou Eleksyon an. Konsèy elektoral la ap make “anile” sou bilten li remèt la. Yon votè ki swete vote an pèsòn, men **pa** remèt bilten an nan sikonskripsyon elektoral la, gen dwa vote sèlman sou kondisyon sila yo:

- Konsèy elektoral la konfime li pa resevwa vòt pa korespondans votè a.
- Si konsèy elektoral la pa kapab detèmine si yo te resevwa vòt pa korespondans la, votè a gen dwa vote pwovizwaman.

Pa remèt bilten ankenn lòt moun nan biwo vòt. Selon Lwa Eta a, yo pap konte vòt sa a.

Ou dwe remèt vòt pa korespondans nan anvlòp sètifika ki vini avèk bilten an. **Votè a dwe siyen deyò anvlòp la.** Siyati votè a sou anvlòp sètifika a dwe menm ak siyati ki nan dosye Depatman Eleksyon an.

Si yon votè pa gen idantifikasyon valid ak ajou, li gen dwa mande vote avèk [vòt provizwa](#).

Chanjman Siyati

Depatman Eleksyon an verifye siyati yon votè gras konparezon l avèk siyati ki nan dosye li a. Siyati souvan chanje, donk, li rekòmande pou votè yo mete siyati yo ajou souvan. Pou fè sa, annik ranpli yon Demann Enskripsyon Votè nan Eta a ki disponib nan biwo Depatman Eleksyon an, biwo lisans chofè, bibliyotèk piblik, biwo satelit gouvènman an, ak òganis eta a ki ofri asistans piblik.

VÒT SIPÈVIZE NAN LOJMAN AVÈK ASISTANS (ALF) ak Mezon Swen Enfimye (NH) – Vòt sipèvize selon [Lwa Florida 101.655](#) disponib pou rezidan ALF/NH gras soutyen Florida Assisted Living Association, pou sèten tout rezidan yon ALF/NH kapab depoze bilten vòt yo nan yon anviwònman fasil ak san danje, san ni laperèz, ni entimidasyon ni eksplwatasyon. Lalwa egzije pou ALF/NH ki vle patisipe yo, soumèt demann yo alekri bay Depatman Eleksyon an pa pi ta pase 21 jou anvan yon eleksyon. Tanpri presize nan demann nan non ALF/NH la ak non votè ki swete patisipe yo. Demann nan dwe gen ladan non omwen senk (5) votè pou biwo nou an ofri vòt sipèvize.

Vòt Antisipe

Vòt antisipe kòmanse 14 jou anvan tout eleksyon nan tout konte a. Nenpòt ki votè ki enskri gen dwa vote pandan peryòd vòt antisipe ki planifye a nan nenpòt nan sit vòt antisipe ki deziyen yo nan Konte Miami-Dade. Y ap mande votè yo pou yo montre yon idantifikasyon ajou ak valid ki gen foto ak siyati yo sou li. Yon lis sit Vòt Antisipe ap disponib [anliy](#) anvan chak eleksyon nan tout konte a.

Sit Vòt Antisipe yo:

Ou kapab jwenn orè vòt antisipe yo tou lè w kontakte 311 oswa 305-499-VOTE.

Lè yo vote bonè, votè yo kapab chwazi yon sit ki pi pre lakay yo oswa travay yo. Nan sit vòt antisipe yo, votè yo gen avantaj kontwòl fasil, otomatik ak bilten endividyalize ki enprime sou plas.

Vòt Jou Eleksyon an

Tout biwo vòt yo ouvè apatide 7:00 nan maten rive 7:00 nan aswè Jou Eleksyon an

Lwa eta a egzije pou votè ki chwazi tann Jou Eleksyon an al nan biwo vòt yo ba yo a. Li enpòtan pou votè yo fè Depatman Eleksyon an konnen si yo chanje kay, pou yo ka voye yo nan bon biwo vòt la. Ou kapab mete adrès ou ajou pa imel, telefòn, faks, oswa lè w soumèt yon Fòmilè Demann Enskripsyon Votè ajou.

Votè yo kapab jwenn biwo vòt yo ba yo a lè yo gade kat enfòmasyon votè yo a, rele 305-499-VOTE, oswa al sou sit wèb Depatman Eleksyon an nan <http://www.miamidade.gov>. Epitou votè yo ap kapab jwenn non, adrès, ak foto biwo vòt yo a.

Kisa pou W Pote Jou Eleksyon an

Lè w ap vote an pèsòn, keseswa nan yon sit vòt antisipe oswa nan yon biwo vòt Jou Eleksyon an, idantifikasyon avèk foto **obligatwa**. Votè yo pa dwe bliye pote yon idantifikasyon ki ajou ak valid epi ki gen non, foto, ak siyati yo.

Men kèk fòm idantifikasyon ki akseptab:

- Lisans chofè Eta Florida
- Kat idantifikasyon Florida Depatman Prevansyon Woutye ak Veykil Otomobil la emèt

- Paspò Lèzetazini
- Kat debi oswa kredi
- Idantifikasyon militè
- Idantifikasyon etidyan
- Idantifikasyon sant retrèt
- Kat idantite Asosyasyon Katye
- Idantifikasyon asistans piblik
- Pèmi pote zam kache oswa zam afe ki emèt konfòmman a § 790.06 F.S.
- Idantifikasyon Sante Veteran
- Idantifikasyon Anplwaye Gouvènman an Emèt
- Kat idantifikasyon anplwaye nenpòt ki sikisal, depatman, òganis, oswa antite Gouvènman Federal la, eta a, yon konte, oswa yon minisipalite emèt

Votè yo gen dwa pote bilten vòt reprezantatif yo an tou pou yo sa pare nan izolwa a. Malgre li pa obligatwa pou votè pote kat idantifikasyon votè yo nan biwo vòt la Jou Eleksyon an, sa ap akselere pwosesis kontwòl la.

Vòt Pwovizwa

Selon [Lwa Florida 101.048](#), si yon votè afime li enskri kòm sadwa nan eta a ak elijib pou vote nan sikonskripsyon elektoral la nan eleksyon an men yo pa kapab detèmine elijibilite li, gen dwa a vòt pwovizwa.

Yon votè gen dwa a vòt pwovizwa si:

- Non votè a pa parèt sou rejis la epi yo pa kapab verifye elijibilite votè a.
- Votè a demanti konfimasyon biwo sipèvizè a ki di li pa enskri ak/oswa li pa elijib la.
- Rejis elektwonik la endike votè a te mande vòt pa

korespondans epi votè a pa gen bilten pou remèt, pèsònèl biwo vòt la pa kapab verifye votè a pa vote deja.

- Rejis la endike votè te remèt vòt pa korespondans la oswa li te vote nan biwo a oswa nan yon sit vòt antisipe, men votè a afime li pa vote, menm lè yo fin rele Depatman Eleksyon an.
- Votè a pat bay idantifikasyon avèk foto/siyati.
- Rejis la endike yo konteste votè a nan eleksyon sa a.
- Yo konteste votè a nan sikonskripsyon elektoral la.
- Siyati votè a pa menm avèk siyati ki nan dosye a epi yo refize afidavi.
- Rejis la endike Depatman Deta an konjonksyon avèk Depatman Prevansyon Woutye ak Veyikil Otomobil poko verifye nimewo lisans chofè Florida votè a, nimewo kat idantifikasyon Florida li oswa nimewo Sekirite Sosyal li.
- Si votè a pa chanje adrès li anvan Jou Eleksyon an epi li chanje kay sòti yon lòt konte Florida epi li pa yon manm oswa manm fanmi fòs ame aktif, votè a ap gen pèmision fè Vòt Pwovizwa.

Lè li fin vote, y ap mete bilten pwovizwa a nan yon anvlòp vòt sekre epi sele nan yon anvlòp vòt pwovizwa pou yo remèt li bay Sipèvizè Eleksyon an.

Yon moun ki depoze bilten vòt pwovizwa gen dwa pou l prezante prèv ekri ki jistifye elijibilite l pou vote bay Sipèvizè Eleksyon an pa pi ta pase 5è nan apremidi dezyèm jou apre eleksyon an.

Si yo detèmine moun nan te enskri ak gen dwa vote nan sikonskripsyon elektoral kote moun nan depoze bilten vòt la eleksyon an, Komisyon Elektoral la ap konpare siyati ki sou Sètifika ak Afimasyon Votè Vòt Pwovizwa a avèk siyati ki sou enskripsyon votè a epi, si yo menm, l ap konte vòt la.

Si yo detèmine moun k ap fè vòt pwovizwa a pat enskri oswa pat gen dwa vote nan sikonskripsyon elektoral kote moun nan depoze bilten vòt nan eleksyon an, yo pap konte vòt pwovizwa a epi bilten vòt la ap rete nan anvlòp ki gen Sètifika ak Afimasyon Votè Vòt Pwovizwa a.

Votè yo gen dwa verifye estati vòt pwovizwa yo a sou sit wèb Depatman Eleksyon an nan:

<http://www.miamidade.gov/elections/provisional-tracker.asp>.

Bilten Vòt Reprèzantatif

Bilten Vòt Reprèzantatif la montre votè yo sa yo pwal vote nan yon eleksyon an patikilye. Bilten Vòt Reprèzantatif la gen ladan enstriksyon pou vote, sit vòt antisipe, ak rapèl enpòtan.

Bilten Vòt Reprèzantatif yo ap disponib 25 – 30 jou anvan yon eleksyon. Pou plis enfòmasyon, al sou:

http://www.miamidade.gov/elections/voting_system_sample.asp

Depatman Eleksyon an ap poste yon nouvo kat enfòmasyon votè depi gen chanjman nan biwo vòt oswa enfòmasyon enskripsyon votè a, tankou afilyasyon ak pati.

Men yon egzanp Kat Enfòmasyon Votè. Ou kapab jwenn egzanp Kat Enfòmasyon Votè tou nan http://www.miamidade.gov/elections/replacement_card.asp.

- A.** Adrès aktyèl votè a
- B.** Nimewo enskripsyon votè a
- C.** Adrès biwo vòt votè a
- D.** Nimewo sikonskripsyon elektoral kote votè a enskri pou vote
- E.** Dat nesans votè a
- F.** Ak ki pati votè a afilye
- G.** Reprèzantan nan Kongrè, nan Eta a, ak distrik lokal votè a elijib pou l vote pou yo
- H.** Minisipalite votè a elijib pou l vote ladan

Egzanp Kat Enfòmasyon Votè

MIAMI DADE COUNTY

Voter Information Card
Miami-Dade County, FL
Tarjeta de información del elector
Condado de Miami-Dade, FL
Kat Enfòmasyon Votè
Konte Miami-Dade, FL
ISSUED
EMITIDA
ENPRIME

A → John Doe
2700 NW 87 AVE
DORAL FL 33172

Bring photo identification when voting.
Para votar, presente una identificación con fotografía.
Tranpri pote yon pyès idantifikasyon ki gen foto w sou li lè w'ap vin vote.

Registration No.
Núm. de inscripción
Nim. Enskripsyon
123456789 ← **B**

Voting Location | Ubicación de la votación | Lokal Biwo Vòt
Fire Fighter Memorial Bridge
8000 NW 21 St ← **C**

Precinct No.
Núm. del recinto
Nim. Biwo Vòt
401 ← **D**

Identification Data
Datos de identificación
Enfo. Idantifikasyon
1/31/1970 ← **E**

Registration Date
Fecha de inscripción
Dat Enskripsyon
11/6/2007 ← **E**

Party Affiliation | Afiliación partidista | Pati Politik
NO PARTY AFFILIATION ← **F**

Lester Sola
Supervisor of Elections | Supervisor de Elecciones | Sipèvizè Eleksyon


You are eligible to vote for the representatives from the districts listed below.
Ud. puede votar por los representantes de los distritos enumerados abajo.
W elijib pou w vote pou reprezantan ki nan distri ki ekri anba la yo.

G →

Congress Congreso Kongrè 21	State Senate Senado Estatal Sena Eta a 40	State House Cámara Estatal Lachann Eta a 112
County Commission Comisión del Condado Komisyon Konte 12	School Board Junta Escolar Asanble Edikasyon 5	Community Council Consejo Comunitario Korsèy Kominotè 0

Municipal | Municipal | Minisipalite
DORAL ← **H**

Egzanp Plan Biwo Vòt



Estasyon 1: Kontwòl – Y ap mande votè yo pou yo prezante yon kat idantite ki gen foto ak siyati. Apre verifikasyon, votè yo ap resevwa yon Biyè Otorizasyon Votè epi y ap voye yo nan Estasyon 2.

Estasyon 2: Tab Bilten Vòt la – Y ap bay votè yo yon bilten papyè. Votè yo dwe siyen Biyè Otorizasyon Votè a pou rekonèt yo resevwa bilten an epi apre sa y ap resevwa yon katab konfidansyalite ansanm avèk yon plim pou make bilten an.

Estasyon 3: Izolwa – Avèk plim a ank yo ba yo a, votè yo pwal chwazi sou toude bò paj bilten an nan yon izolwa ki ofri votè a konfidansyalite.

Estasyon 4: Ekipman Lektè Optik Vòt la – Votè yo ap remèt Biyè Otorizasyon Votè a bay pèsònèl biwo vòt la epi antre tout paj bilten an, yon paj alafwa nan lektè optik la pou yo depoze bilten vòt yo a.

Si gen yon erè ki fèt, votè a gen dwa resevwa yon nouvo paj bilten nan zòn **Ranplasman Bilten an**.

Ekipman Lektè Optik Vòt la

Votè yo ap vote sou yon bilten papye kote y ap ranpli oval ki reprezante chwa yo avèk yon plim a ank nwa oswa ble. Li enpòtan pou votè yo pran tan yo, epi pa bliye egzamine tout bilten an (devan ak dèyè) pou sèten yo wè diferan chwa ki disponib yo. Gen bilten ki gen dwa gen plizyè paj.

Lè votè yo fin make bilten yo, yo pwal kot Ekipman Lektè Optik Vòt la, epi y ap antre bilten yo an nan aparèy kontab elektwonik la, ki lè sa a ap li ak anrejistre vòt yo a. Ou gen dwa antre bilten an nan nenpòt ki sans. Bilten papye ki li a ap tonbe nan yon bwat bilten sekirize ki anba lektè a.



Pou yon demonstrasyon videyo tanpri gade Videyo sou Demann nan sou:

http://www.miamidade.gov/elections/voting_system_demo.asp

SISTÈM ELEKTWONIK POU IDANTIFIKASYON VOTÈ (EViD)



- **EViD** la se yon sistèm kontwòl votè an tan reyèl anliy
- Li **ranplase** rejis papye sikonskripsyon elektoral yo
- Pèsonèl biwo vòt an ap **pase Lisans Chofè Florida** yon votè oswa **Kat Idantifikasyon Florida** yon votè pou jwenn enfòmasyon votè a rapid
- Votè a siyen **Aparèy Elektwonik pou Siyati a**, epi dosye votè a vin ajou imedyatman
- **Pou aprann plis sou sistèm EViD la, gade videyo a sou <http://www.miamidade.gov/elections/evidtraining.asp>**



Etap 1

Resevwa bilten w lan(yo) ak katab konfidansyalite a. Al nan Izolwa a.

Etap 2

Pou fè chwa w pou yon kous elektoral an patikilye ranpli oval ki sou bilten an konplètman avèk plim nwa yo ba ou a. **KANDIDA VOTE A EKRI (si sa nesesè):** Ranpli oval ki sou kote mo "Write-in" yo epi ekri non kandida a sou liy nan.

Etap 3

Li bilten w lan atantivman pou konprann konbyen kandida pou w vote nan chak kous.

Etap 4

Reli toude bò bilten w lan epi verifye yo korèk. Si w fè fot, tanpri remèt paj bilten w lan bay pèsònèl biwo eskriten an epi mande nouvo paj bilten.

Etap 5

Lè w fin ranpli bilten w lan, al kot aparèy lekti optik vòt la epi antre bilten w lan.

Etap 6

Gade ekran an pou verifye pa gen pwoblèm avèk bilten an, tankou twòp vòt oswa bilten ki pa make. Peze RETURN pou rebran bilten an. Peze ACCEPT pou soumèt bilten an.

Seksyon 5 – PÈSONÈL BIWO VÒT LA

Si votè yo al nan biwo vòt Jou Eleksyon an, yo siman wè vwazen yo k ap travay epi yo gen dwa mande tèt yo kijan pou yo vin manm Pèsònèl Biwo Vòt.

Gen plis pase 8,000 manm Pèsònèl Biwo Vòt nan Konte Miami-Dade ki resevwa fòmasyon nan men Sipèvizyon Eleksyon an pou sèten eleksyon yo jis ak egzak. Yon manm Pèsònèl Biwo Vòt dwe yon votè ki enskri nan Konte Miami-Dade, ki gen omwen 18 an, li dwe kapab li, ekri, ak pale angle epi li dwe fè ak pase yon egzamen antre anliy. Pèsònèl biwo vòt ki pale de lang byenvini. Lè li fin fè tès anliy nan, y ap planifye yon Kou Sètifikasyon Pèsònèl Biwo Vòt ki pwal detèmine ki pòs aplikan an ap genyen.

Anplis Kou Fòmasyon pou Sètifikasyon Pèsònèl Biwo Vòt la, lwa eta a egzije pou pèsònèl biwo vòt la pran yon kou fòmasyon anvan chak eleksyon. Y ap peye pèsònèl biwo vòt pou tout kou fòmasyon yo pran. Pou enfòmasyon sou peman, al sou www.miamidade.gov oswa rele 305-499-8448.

Pòs pou Pèsònèl Biwo Vòt

Sekretè – responsab tout sa k ap fèt nan sikonskripsyon elektoral la, epi gen plis responsabilite toujou anvan Jou Eleksyon an, tankou kontakte tout Pèsònèl Biwo Vòt ki nan sikonskripsyon elektoral sa a, prepare sikonskripsyon elektoral la anvan Jou Eleksyon an ak enspekte biwo vòt la.

Sekretè Adjwen – ede Sekretè a fè travay li, prepare sikonskripsyon elektoral la jou anvan Jou Eleksyon an epi gen dwa jwe wòl Sekretè a si sa nesesè.

Enspektè – travay sou kontwòl votè yo, bay demonstrasyon votè, emèt bilten an, epi verifye votè a depoze bilten votè li kòm sadwa.

Adjwen Biwo Vòt – kenbe lòd andeyò zòn votè la, dwe vijilan pou idantifye ak ofri asistans bay nenpòt ki votè ki gen bezwen espesyal.

Ekspè Eleksyon - responsab: ouvè ekipman votè, verifye elijibilite votè pandan Jou Eleksyon an, fèmen tout machin votè yo ak enprime Fim Rezilta yo.

Ekspè Transmisyon Done – Pèsonèl itineran ki responsab transmisyon rezilta eleksyon yo nan yon Sant Ranmasaj Lannwit Eleksyon an.

Teknisyen Ekipman Vòt – Pèsonèl itineran ki responsab rezoud pwoblèm ekipman eleksyon Jou Eleksyon an.

Depanè Administratif (ATS) – nomad pou plizyè sikonskripsyon elektoral nan yon zòn, ki konn ekipman votè iVotronic ak DS200 byen, epitou règleman ak pwosedi, ki fè evalyasyon chak sikonskripsyon elektoral epi verifye yo respekte plan etaj Eleksyon yo.

Ou kapab jwenn Aplikasyon pou Pèsonèl Biwo Vòt la anliy sou:

http://www.miamidade.gov/elections/Library/pollworker_application.pdf.

APLIKASYON POU PÈSONÈL BIWO ESKRITEN

NON _____

DAT NESANS _____ NIMEWO ENSKRIPSYON VOTÈ _____

ADRÈS REVÈL _____ NIMEWO APATMAN _____

VIL _____ ETA _____ ZIP KÒD _____

NIMEWO TELEFÒN LAKAY _____ NIMEWO TELEFÒN TRAVAY _____

NIMEWO TELEFÒN SELILÈ _____ ADRÈS IMEL _____

W N ÈSKE W GEN EKSPERYANS NAN ENFÒMATIK?
SI W GENYEN PRESIZÈ _____

W N ÈSKE W PALE NENPÒT KI LÒT LANG KOURAMAN?
SI W REPONN WI PRESIZÈ _____

W N ÈSKE W GEN MWAYEN TRANSPÒ?

W N ÈSKE W SE YON ANPLWAYE KONTE MIAMI-DADE?
NONMEN DEPATMAN AN _____

W N ÈSKE W AKSEPTÈ YO VOYE W NAN YON SIKONSKRIPSYON ELEKTORAL KI PA PAW LA?

Lè m make kare sa a, MWEN SÈTIFYE:
Mwen enskri kounyeya kòm votè nan Konte Miami-Dade;
Mwen kapab li ak ekri lang angle; epi
Repons mwen yo kòrèk, selon sa m konnen ak kwè.

Aplikasyon pou Pèsonèl Biwo Eskriten an Ranpli Nan Dat:

Kijan w te tandè pale de Opòtinite kòm Pèsonèl Biwo Eskriten sa a ? Evèrman Sanbilizasyon sou Eleksyon Zanmi oswa Fanmi Lekòl
 Anliy/Sit Wèb Lòt jan

KESYON YO POZE SOUVAN SOU PÈSONÈL BIWO VÒT

Ki kalite fòmasyon ou bezwen pou vin yon manm Pèsonèl Biwo Vòt?

Tout manm Pèsonèl Biwo Vòt dwe pran fòmasyon anvan chak eleksyon. Fòmasyon an abityèlman fèt yon mwa anvan Jou Eleksyon an. Yon manm Pèsonèl Biwo Vòt ki pa pran fòmasyon anvan yon eleksyon pa elijib pou travay.

Si yon moun te travay deja nan biwo vòt yo, èske l dwe aplike ankò pou chak sik eleksyon?

Lè yon moun te travay nan biwo vòt yon Jou Eleksyon, dosye l rete aktif donk li pa bezwen aplike ankò. Seksyon Pèsonèl Biwo Vòt la ap kontakte Ansyen manm Pèsonèl Biwo Vòt si yo bezwen sèvis yo. Votè ki vle detèmine si yo toujou nan rejis Pèsonèl Biwo Vòt aktif la, kapab rele biwo nou an nan 305-499-VOTE.

Kijan manm pèsonèl biwo vòt yo ap konnen ki kote yo pwal travay?

Nou eseye planifye pou tout manm Pèsonèl Biwo Vòt yo travay nan sikonskripsyon elektoral pa yo, si sa posib. Si sikonskripsyon elektoral yo a plen, n ap voye manm pèsonèl biwo vòt yo travay nan yon lòt sikonskripsyon elektoral ki toupre a.

Si yon manm pèsonèl biwo vòt pap travay nan sikonskripsyon elektoral pa li a, kijan l ap fè vote?

Manm Pèsonèl Biwo Vòt k ap travay andeyò sikonskripsyon elektoral pa yo dwe mande yon Bilten Vòt pa Korespondans epi remèt bilten avèk vòt la nan biwo nou an anvan Jou Eleksyon an oswa fè vòt antisipe.

Seksyon 6 ADA AK AKSESIBILITE LENGWISTIK

Votè ki gen andikap gen opsyon sèvi avèk ekipman Audio iVotronic. Chak sikonskripsyon elektoral ap gen yon aparèy Audio iVotronic ekipe avèk yon klavye espesyal ak/oswa ekoutè pou ede votè yo nan pwosesis vòt la. Votè yo ap resevwa enfòmasyon sou kandida yo nan chak kous epi y ap li pou yo kesyon ak chwa bilten vòt yo nan angle, panyòl, oswa kreyòl. Chak fwa li fè yon chwa, y ap anonse chwa sa a bay votè a pou li kapab oswa chanje chwa li oswa al nan pwochen kous oswa kesyon an.



Tout biwo vòt Jou Eleksyon an ak kote pou fè Vòt Antisipe yo ap aksesib pou moun ki gen andikap. Votè andikape gen dwa sèvi avèk audio iVotronic, mande ranpli yon Deklarasyon pou Jwenn Asistans epi yo gen dwa mennen pwòp moun pa yo pou ede yo oswa mande yon manm Konsèy Elektoral la asistans. Epitou yo gen dwa gade yon videyo avèk soutit anliy. Pou planifye yon demonstrasyon ekipman aksesib ADA a, rele 305-499-VOTE.

Yon votè ki gen difkilte avèk angle, panyòl ak kreyòl kapab mande asistans nan biwo vòt la.

Miami-Dade mete pèsonèl biwo vòt ki pale de lang epi ki pare ak dispoze ede nan biwo vòt yo.

Seksyon 7 – RESTORASYON DWA SIVIL

Pandan faz investigasyon an, Konsèy sou Padon an pwal konsidere, pami lòt bagay, faktè sila yo lè y ap detèmine èske y ap akòde yon aplikan restorasyon dwa sivil li oswa lòt fòm mizerikòd.

- Nati ak sikonstans enfraksyon an;
- Dosye kriminèl anvan ak apre l, sa gen ladan enfraksyon règ sikilasyon;
- Antesedan anplwa;
- Sante mantal, pwoblèm dwòg, oswa alkòl;
- Pwoblèm vyolans famiyal;
- Lèt ki soumèt pou soutni, oswa pou opoze, yo akòde Padon an.

Emfòmasyon òganis sa a mande nesesè pou bay fè esansyèl Konsèy sou Padon an bezwen pou fè yon jijman eklere sou èske yo ta dwe akòde yon moun Restorasyon Dwa Sivil li oswa nenpòt ki lòt fòm mizerikòd. Pa gen pèsòn ki gen obligasyon bay enfòmasyon. Sepandan, sòf si Depatman an resevwa enfòmasyon li mande yo, nou pap kapab bay Konsèy sou Padon an enfòmasyon konplè.

Si yon demann egzije odyans kot yon Anketè Komisyon Liberasyon Kondisyonèl Florida a, Konsèy sou Padon an mete responsab faz investigasyon an, y ap planifye yon randevou pou demandè a. Anketè a gen dwa pale tou avèk moun ki ekri sètifika moralite oswa lèt referans, anplwayè, ak lòt moun ki gen dwa kapab bay enfòmasyon ki gen pou wè avèk petisyonè a.

Si yo akòde yon moun Restorasyon Dwa Sivil li baze sou envestigasyon “San Odyans” la, y ap voye ba li yon Sètifika Restorasyon Dwa Sivil nan adrès ki nan dosye li a.

Si Konsèy sou padon an akòde yon aplikasyon ki gen pou wè avèk yon ka “Avèk Odyans”, y ap prepare yo dekrè-lwa, manm Konsèy sou Padon an ap siyen l, epi y ap poste yon kopi bay demandè a.

Si yon moun se yon votè enskri epi Grefye Tribinal Itineran an, Pwokirè Federal la, oswa yon lòt òganis fè Depatman Eleksyon an konnen yo te rekonèt li koupab yon krim, Depatman Eleksyon an ap fè rechèch sou zafè sa a.

Si Depatman an detèmine moun nan idantifye kòrèkteman epi yo te rekonèt li koupab krim, biwo nou an ap fè l konnen yo idantifye l kòm kriminèl kondane epi n ap ba li opòtinite prezante prèv ki montre li pa yon kriminèl kondane.

Si prèv la endike li se yon kriminèl kondane toutbon, y ap retire non l nan lis votè a. Si prèv la konfime li pa yon kriminèl kondane epi yo pat retire dwa li, l ap rete yon votè aktif.

Si yon moun gen rezon kwè yo gen dwa idantifye l kòm yon moun ki se yon kriminèl kondane, li dwe kontakte Grefye Tribinal Itineran konte kote aksyon an gen dwa kòmanse a pou Depatman Enteryè Florida a kapab konfime estati li.

Si yon moun se yon kriminèl kondane men li kwè dwa vòt li te restore oswa li swete ranpli yon demann pou yo restore dwa li, li dwe kontakte Biwo Padon an nan 850-488-2952.

Seksyon 8 – KESYON VOTÈ POZE SOUVAN

E si yon votè pa resevwa Kat Enfòmasyon Votè li?

Votè ki enskri pou vote oswa fè chanjman (tankou adrès oswa afilyasyon ak pati) nan enskripsyon yo, epi ki pa resevwa nouvo Kat Enfòmasyon Votè yo, gen dwa rele 305-499-VOTE. **Tanpri note, votè yo pa bezwen Kat Enfòmasyon Votè yo pou vote, men sèlman yon kat idantite avèk foto ak siyati.**

Èske Vòt pa Korespondans yo konte?

Wi, depi ou remèt bilten an anvan 7:00 nan aswè Jou Eleksyon an. Poutèt Depatman Eleksyon an pwal verifye siyati yon votè gras konparezon avèk siyati ki nan dosye a, votè yo dwe verifye siyati yo ajou.

E si yo pa jwenn non yon votè?

Yon Ekspè Eleksyon ki baze nan sikonskripsyon elektoral la pwal verifye pou wè si moun nan se yon votè enskri gras rechèch enfòmasyon li sou yon baz done ki nan biwo vòt la. Si pèsònèl biwo vòt la fè yon votè konnen li pa kapab vote, moun nan gen dwa pou l konnen rezon an ak fè vòt pwovizwa.

E si yon votè enskri antanke non-patizan èske l ap kapab vote nan yon eleksyon patizan?

Wi, men sèlman pandan Eleksyon Jeneral yo. Votè non-patizan yo pap kapab vote pou yon kandida pandan Eleksyon Primè yo poutèt Florida se yon Eta Eleksyon Primè Fèmen. Sa vle di se sèlman votè ki se manm enskri yon pati politik ki gen dwa vote pou kandida pati pa yo a nan yon eleksyon primè.

Sepandan, si tou kandida pou yon pòs gen afilyasyon ak menm pati a epi gayan an pap gen opozisyon nan eleksyon jeneral la, tout votè ki kalifye, kèlkeswa ak ki pati yo afilye, gen dwa vote nan eleksyon primè a pou pòs sa a. Yo rele sa “Kous Primè Inivèsèl.” Kenbe nan tèt ou gen kous non-patizan ki aplikab pou tout votè ki enskri, kèlkeswa pati yo afilye avèk li a. Votè yo dwe konn ak ki pati yo afilye anvan yo vote. Ou kapab gade bilten vòt represantatif anliy sou :

<http://www.miamidade.gov/elections/>

Èske votè yo dwe fè Vòt Pwovizwa lè yo chanje adrès?

Non. Sekretè a ap ranpli yon Fòmilè Afimasyon pou anrejistre chanjman adrès la. Votè yo dwe vote nan sikonskripsyon elektoral yo ba yo a donk yon votè ki chanje adrès nan biwo vòt la gen dwa bezwen al nan yon lòt biwo vòt Jou Eleksyon an.

Seksyon 9 – VYOLASYON LWA ELEKTORAL

Kijan pou w rapòte vyolasyon lwa elektoral

Ou dwe rapòte vyolasyon ki gen pou wè avèk Chapit 104 ak 106 ak seksyon 105.071 pa plent ekri sou sèman bay Komisyon Elektoral la.

Selon Kòd Eleksyon Florida ou dwe rapòte alekri bay Divizyon Eleksyon Florida vyolasyon Lwa Nasyonal 1993 sou Enskripsyon Votè a, Lwa 2002 Help America Vote [Ede Lèzetazini Vote a], tout iregilarite oswa fwòd ki gen pou wè avèk enskripsyon votè, kandida oswa emisyon petisyon, oswa pwosede pou fè sòti oswa vòt. Ou dwe rapòte tout lòt vyolasyon yo bay Pwokirè Eta lokal la.

Seksyon 10 – KALANDRIYE ELEKSYON AN

Pou wè dènye delè enskripsyon yo, dat kalifikasyon kandida yo pou eleksyon ki planifye yo, ak dat eleksyon yo vizite nou anliy sou:

http://www.miamidade.gov/elections/news_ecalendar.asp

Seksyon 11 – RAPÈL ENPÒTAN

- Tout votè dwe gade bilten vòt reprezantatif pèsònèl yo anvan yo vote pou abitye tèt yo avèk kandida yo ak pwoblèm yo.
- Votè yo dwe verifye Depatman Eleksyon an gen siyati ak adrès ajou yo nan dosye li.
- Tout biwo vòt ouvè apatide 7:00 nan maten rive 7:00 nan aswè Jou Eleksyon an.
- Kèlkeswa biwo vòt kote y ap vote a, keseswa nan yon sit vòt antisipe oswa Jou Eleksyon an, votè yo pa dwe bliye pote yon idantifikasyon ajou ak valid ki gen non yo, foto yo, ak siyati yo.
- Votè yo dwe verifye bilten yo ranpli ak kòrek anvan yo kite izolwa a.
- Florida se yon Eta Vòt Primè Fèmen: selon Lwa Florida, se sèlman votè ki se manm enskri yon pati politik ki gen dwa vote pou kandida pati pa yo nan bilten vòt la pandan yon Eleksyon Primè.